
## नेनाक बाइबिल
*प्रस्तुति*

# पतरस आओर प्रार्थनाक सामर्थ्य



*लेखक*: Edward Hughes

*सचित्र द्वारा*: Janie Forest
Alastair Paterson

*रूपान्तरित*: Ruth Klassen


*अनुवाद*: Ashish Paul

*तैयार भेल*: Bible for Children
www.M1914.org


©2024 Bible for Children, Inc.
License: You have the right to copy or print this story, as long as you do not sell it.





प्रेरित पतरस समपूर्ण देश में घूरि कऽ लोकक यीशुक विषय में बतौलिन।




एक रोज एक नगिर जेकरा लियादा कहल जाएत अछि ओ ओतो एक मनुख सँ भेंट कएलिन जे बहुत दिन सँ खटिये पऽ छलाह, जिनका आठ बरख सँ लकवा मारि देने छल। “प्रभु यीशु अहाँक चंगा करैत छथि“। ओ मनुख तुरन्त उठि गेलाह जतेक लोक हुनका देखलिन ओ परमेश्वरक दिस फिर गेलाह।


नजदिकी नगिर जोपा में लोक सभ
बड़ उदास अऽ निराश छलाह। एक
मसीही स्त्री जिनक नाम दोरकस
रहिन ओ तुरन्ते मूअल छलीह। दुःखी
मन सँ हुनक दोस्त सभ हुनक देहिक
अंतिम संसकार हेतु तैयार कएलिन अऽ
हुनक मृत काया कऽ उपरा कोठरी में
राखि देलिन जतो
ओ सभ मिल
कऽ दुःख
मनौलिन।
3


मुदा दोरकसक दोस्त सुनिलिन
जे पतरस ओहि क्षेत्र में छथि।
ओ सभ तुरन्त पतरसक
जोपा अएबाक लेल
कहलिन। जहन ओ अहि
उपरका कोठली में अएलाह,
विधवा स्त्री सभ हुनका
अंगरखा आओर वस्त्र सभक
देखौलिह जे ओ हुनका
सभक लेल बनौने छलीह।
सभ केओ नोर बहा रहल
छलीह।
4



पतरस हुनका सभक
बाहर कऽ देलिन, घुटना
पऽ आएब कऽ प्रार्थना
कएलिन। आओर हुनक
देहिक दिस घूरि कऽ
कहलिन, दोरकस, “अऽ
ओ अपन आँखि खोलि
देलीह, आओर जहने ओ
पतरसक देखलीह ओ
उठि गेलीह।
5



तहन ओ अपन हाथक
बढ़ाक ऊँचा उठौलिन,
अऽ जहन ओ संत
सभक (मसीही)
आओर विधवा सभक
सन्मुख में, ओ हुनका
जीवित प्रस्तुत
कएलिन। आओर ई
बात समपूर्ण जोपा
नगरि में पसर गेलैक,
अऽ बहुत लोक प्रभु
पऽ विश्वास कएलिन।
6



पतरस बहुत काल घरि जोपा नगरि में, समुद्रक
कछार पऽ एक घर में ठहरलाह। जँ ओ नगरिक
देवार दिस ताकताह तऽ हुनका तीन यात्री
हुनका खोजैत हुनका दिस
आबैत दिखाई पड़तिन।
7



ई मनुख सभ रोमी सेनाक सेवक रहैथि हुनक
नाम करनोलियस रहिन जे परमेश्वरक अराधना
कएने छलाह।
करनोलियस
अपन सेवक सभ कऽ
पतरसक खेजबाक लेल
पठौलिन किएक तऽ एक
स्वर्गदूत हुनका दर्शन में
बतौने रहैथि पतरस
लेल पठययो।
8



ओ समौनक संगे ठहरल छथि, जे एक ओ एक चर्मकार
छलाह हुनक घर समुद्रक कछार पऽ रहिन। ओ
अहाँक बतौताह जे अहाँक कि जरूरी करबाक अछि।
9



जहन पतरस मोकानक छत पऽ प्रार्थना कएलाएथि। परमेश्वर
हुनका एहिठाम एक दर्शन पठौलिन। हुनका लागलिन जे
ऐकटा पैघ पन्ना धरतीक दिस झूकि रहल अछि। ओहि पन्ना
पऽ पशु सभ आओर
चिड़ियाँ सभ छल।
10


पतरस बाएज सकैत छलाह जे ई सभ तऽ ‘‘अपवित्र‘‘ वस्तु
अछि किएक तऽ धर्मी यहूदी लोकिन एहि सभ वस्तुक भोजन
करबाक आज्ञा हुनका नहि देतिन। अऽ तहन अचानक एकटा
सोर हुनका लग आएल। ‘‘पतरस
जागूं अऽ मारि कऽ खाऊँ‘‘।
11


‘‘ई नहि प्रभु‘‘। पतरस परमेश्वर
सँ कहलिन। ‘‘किएक तऽ
अखिन घरि हम सामान्य अऽ
अपवित्र किछु नहि खयलहुँ‘‘।
एक सोर पुनः दोसर बेर हुनका
सँ कहलिन। ‘‘जाहि वस्तुक
परमेश्वर पवित्र ठहरौने छथि
तकरा अहाँ अपवित्र नहि बाएज
सकलहुँ।‘‘ ई प्रक्रिया तीन बेर
कएल गेल। आओर तकराबाद
चादरक कऽ पुनः उपर
उठा लेवल गेल।
12


पतरस दर्शनक अर्थक नहि बूझि सकलाह
जे एकर कि अर्थ होयत अछि। जहिना
ओ एहि विषय पऽ विचार कएलाएथि,
परमेश्वर हुनका कहलिन तीन लोक
अहाँक खोज रहल छथि
अऽ हुनका अहाँक
संगे जयबाक चाहि।
13


जहन तीन लोक पतरसक कहलिन एक
पवित्र स्वर्गदूत करोनोलियस हुनका लग
पठयबाक छनि, पतरस जानैत रहैथि जे
परमेश्वर हुनक अगुवाई कऽ रहल
छलिन। दोसर रोज ओ आओर
हुनक छयटा दोस्त
करोनिलियसक घर
पऽ गेलाह।
14


शायद जहिना ओ गैर यहूदीक घर पऽ जएबाक योजना बनौलएथि पतरस एहि बातक बूझि गेलाह जे परमेश्वर सभ सँ प्रेम करैत छथि।
15
ठाढ़ भऽ जाऊँ हम भी अँहाक समान एक साधारण मनुख छी, पतरस करनोलियसक कहलिन। अऽ तकरा बाद ओ जतेक लोक घर में छलाह हुनका सभ कहलिन, अहाँ जानैत छी जे एक यहूदी मनुख कोनाक आन जातिक संगे जा सकैत छथि, ई तऽ न्यायपूर्ण नहि होयत ‘‘जे ओ आन राष्ट्र में जाएत’’।
16
मुदा परमेश्वर, हमरा देखौलिन जे हम किनको अदना आओर अपवित्र नहि बाएज सकलहुँ।
17
पतरस एहि बातक गैर यहूदी लोकक बाएजलिन यीशु परमेश्वरक पुत थिकाह जे शूली पऽ मूअलाह आओर पुनः जीवित भऽ गेलाह ताकि ओ समपूर्ण मानव जातिक उद्धारकर्ता भऽ सकैथि। अऽ तकरा बाद पवित्र आत्मा हुनका सभक उपर उतरलिन अऽ ओ सभ परमेश्वरक बड़ाई करअ लगलाह।
18
पतरसक छवो यहूदी दोस्त आश्चर्यचकित भऽ गेलाह। ई तऽ पेन्तीकोस्तक समान छल। पवित्र आत्माक बरदान गैर यहूदी लोकक उपर भी उंड़ेलल जा सकैछ। अ तकरा बाद पतरस नव विश्वासीक बपतिस्मा देलिन।
19
येरूशलेम में, मसीही लोक मिल कऽ पतरसक बड़ दबाड़लिन जे अहाँ गैर यहूदीक घर पऽ किएक जाएत छी। एहि द्वारें पतरस हुनका सभक अपन आओर कोरनिलियसक दर्शनक विषय मँ बतौलिएन जे ओ सभ प्रर्थना में देखने रहैथि। जहन ओ सभ एहि बातक सुनिलाएथि यरूशलेमक विश्वासी लोकिन चूप भऽ गेलाह। आओर परमेश्वरक महिमा कएलाएथि, जे प्रार्थनाक द्वारा हुनका सभ मसीही कलीसियाक दर्शन करा देलिन अऽ ई बता देलिन जे परमेश्वर समस्त मनुख जाति सँ प्रेम करैत छथि।
20

# पतरस आओर प्रार्थनाक सामर्थ्य


***परमेश्वरक ब्द द्वारा ई खिस्सा बाइबिल***

***अहाँक द्ध***

## प्रेरितक काज 9-12

***ऋ्का क और प्रवे करवैत अछि।***
***भजन संहिता*** **119:130**






57

60



*इ बाइबिल के कथा हमरा सब कऽ लेल बहुत अदभुत और आश्चर्य जनक अछि परम पिता परमेश्वर के वास्ते बता रहल अछि। जाहिमे हमरा सब के बनौने छथि। आउर आ ओ चाहेत छैथ कि हम सब हुनका जानैत रही समझैत रही।*

*परमेश्वर यानि ईश्वर बुझैत छैथ कि अपने ल॑कनिक नीक काम वा खराब काम कयने छी। जाहिमे पाप आ पुण्य ह॑यत अछि। जाहिमे पाप के सजा मृत्यु ह॑इत अछि। लेकिन ईश्वर तऽ सबस प्रेम करैतऽ छथि एहिलेल ओ अपन संतान,यीु के एहिं जन्मभुमि पर पठौने छथि ताहिं वास्ते हुनका पाप के खातिर हुनकुाली (फाँसी) पर चढाअ॑ल जाए। आओर हुनका रीर त्याग करऽ परलैनि। आओर अ॑ फेर द॑सर जन्म र्स्वग सि ारि गेलाह। आहाँ सब यदि यीु यानि ईश्वर मे श्रद्रा राखैत छी विश्वास अछि तऽ हुनका सऽ प्रार्थना करु मा याचना करु तखने ओ अहाँ मे अहाँ हुनका मे लीन रहब आओर हमे ा जिबैतरहब।*

*अपने ल॑कनिक विश्वास राखैत छी।ई ईश्वर सत्य छैथ तऽ परमेश्वरसऽ बताबियौन।*

*प्रिय यीशु आहाँ पर हमरा विश्वास अछि श्रद्रा अछि। कि अहाँ हमर प्रभु परम पिता परमेश्वर छी हमर पाप के वास्ते अहाँ मनुष्य रुप ारन कऽ के रीर त्याग करऽ परल आओर पुनःयानि फेर सऽ जिवित भ गेलाह कृपा कऽ के हमर जीवन मे आउ। हमरा सबके पाप सऽ मुक्त कऽ दिय पाप सऽ मा कयल जाउ। जााहिमे नया तरीका सऽ अपन जीवन यापन चालु करब वा एक दिन अहाँ सबके साथ सदा कऽ लेल स्वर्ग जा सकु। हे प्रभु है ईश्वर (यीु) हमरा सब पर दया करु कि हम अहाँ के आज्ञा के पालन कऽ सकी आओर अपने सन्तान बनि कऽ जीवैत जीऊ, आमीन।*

*ई कथा बाइबिल के सबदिन पढु और परमेश्वर अमीन यहुला सऽ बातचीत करैत रहु।* *यहुन्ना* 3:16